

# Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,


Anpil jwèt nou jwe lakay depann de chans oubyen pwobabilite. Nan pwochen chapit la, klas nou an pral etidye nosyon debaz nan pwobabilite. Pou n kòmanse nou pral pran an konsiderasyon mab nou wete nan yon sak. Pa egzanp, si gen 6 mab vèt ak 4 mab jòn nan yon sak, nou ka reponn kesyon sa yo :

- Si nou chwazi yon mab pa aza, ki koulè mab la gen plis chans pou l ye ?
- Ki chans ki genyen pou mab nou chwazi a vèt ?
- Sipoze nou chwazi yon mab jòn, nou mete li nan yon pòch, epi nou chwazi yon lòt mab. Ki chans ki genyen pou nou chwazi yon mab vèt ?

Nou pral sèvi ak pwobabilite pou egzaminen si jwèt aza se jwèt ki jis. Nou pral jwe yon jwèt ki itilize pwobabilite pou devlope yon estrateji pou genyen tou.

Yon lòt fason popilè yo itilize pwobabilite se nan echantiyon estatistik. Nan echantiyon estatistik, yo chwazi yon ti gwoup pa aza epi yo itilize li pou dedwi konklizyon sou tout yon popilasyon. Èske w ka reflechi sou sondaj oubyen estatistik ou te wè epi ki ta ka baze sou echantiyon estatistik ? Èske w panse se yon fason ki jis epi ki korèk pou dedwi konklizyon sou yon gwo kantite popilasyon ?

Kèlkeswa jan yo itilize li, pou jwenn pwobabilite depann de done nou genyen yo. Nou pral repase epi nou pral etidye anpil fason pou prezante done. Nou pral etidye dyagram bwat ak moustach. Apresa, nou pral pale de ki lè li pi apwopriye pou itilize reprezantasyon sa yo.



**Vokabilè** Pandan kou yo, nou pral aprann tèm nouvo sa yo ki nan vokabilè a :

**popilasyon  
kwatil**

**echantiyon reprezantatif  
echantiyon**

## Kisa w ka fè lakay ?

Ou ka jwe jwèt chans diferan ak elèv ou an pou w ka patisipe avèk li lè nap etidye pwobabilite. Li ka aprann ou jwèt nou jwe nan lekòl la ; lòt jwèt ou ka jwe yo se jwèt kat epi lè wap jwe jwèt sa yo li itil pou konnen ki kat ou gen chans pou jwenn, oubyen ki kat ou pa gen chans pou jwenn pwochen fwa w tire yon kat. Ou ka pale de pwobabilite ki genyen nan lavi nou toujou tou, tankou chans ki genyen pou lapli tonbe.